



Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-655

Sijè: EKIP LIDÈCHIP LEKÒL AK EKIP LIDÈCHIP DISTRI

Kategori: ELÈV

Pibliye: 18 jen 2026

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-655 ki gen dat 24 mas 2010.

Chanjman:

- Yo reòganize seksyon ak souseksyon yo pou yo ka amelyore klarifikasyon ak ezans.
- Yo klarifiye definisyon yo.
- Règleman an ajoute Prezidan PAC Tit I kòm yon manm obligatwa SLT a nan kèk lekòl. (Seksyon I.A.2)
- Li fè fè elèv manm SLT a obligatwa nan lekòl segondè ak nan lekòl presegondè. (Seksyon I.A.2)
- Li ankouraje elèv manm SLT pou lekòl primè ak lekòl klas K-8yèm ane, epi li ankouraje fòmasyon soukomite elèv SLT pou lekòl ki pa gen elèv manm SLT. (Seksyon I.A.4)
- Li klarifye pou di DC 37 se manm yo rekòmande epi lekòl dwe chita pale avèk estaf DC 37 konsènan patisipasyon yo nan SLT a epi fè tout efò pou gen yon reprezantan manm DC 37. (Seksyon I.A.4)
- Li klarifye pwosedi eleksyon SLT a pou chak gwoup konstitiyan (Seksyon I.D.1.)
- Li klarifye pwosedi kote yo chwazi elèv ak manm CBO pou SLT a. (Seksyon I.D.2 ak I.D.3.)
- Li klarifye kondisyon lwa sou reyinyon piblik (Open Meetings Law) lè y ap fè reyinyon. (Seksyon I.G.2)
- Li revize kondisyon règleman entèn yo. (Seksyon I.F.2 ak II.C.2.)
- Li klarifye tip salè ak kantite salè yo otorize pandan mwa ete yo. (Seksyon I.I.)
- Li klarifye pwosedi konsènan CEP ak bidje lekòl. (Seksyon I.J.)
- Li revize definisyon desizyon yo pran sou baz konsansis ak pou ki tip desizyon yo dwe itilize l. (Seksyon I.J.3 ak I.J.10)
- Li klarifye pou di yo ta dwe fè gwo efò pou jwenn konsansis sou tout zafè, men se majorite vòt yo ki ka deside sou zafè administratif. (Seksyon I.J.10)
- Li di se DLT avèk sipò divizyon premye chanselye adjwen an ki fè trening ak bay sipò pou SLT yo. (Seksyon I.K. ak II.F.4)
- Li revize pwosedi pou fè revandikasyon nan eleksyon ak pou pote plent. (Seksyon I.L. ak II.H.)
- Li revize konpozisyon manm obligatwa ak manm ki pa obligatwa nan DLT yo, epi li ajoute pou di reprezantan CEC a ak elèv yo se manm obligatwa (Seksyon I.A.1. ak II.A.2.)
- Li revize pou di DLT distri 75 ka gen ladan yon manm konsèy vil la pou distri 75. (Seksyon

II.A.3)

- Li chanje soukomite lekòl segondè vil la an komite DLT lekòl segondè vil (Citywide High School DLT Committee, CHSDC), epi li klarifye objektif ak afilyasyon CHSDC a epi li presize responsablite CHSDC a. (Seksyon II.B.)
- Li di se Divizyon premye chanselye adjwen an ki pral sipòte DLT yo ak CHSDC a. (Seksyon II.B.3., II.F.4., ak II.G.)



CR)

Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation,

Nimewo: A-655

Sijè: EKIP LIDÈCHIP LEKÒL AK EKIP LIDÈCHIP DISTRI

Kategori: ELÈV

Pibliye: 18 jen 2026

REZIME

Règleman sa a tabli kondisyon pou fòm yon Ekip lidèchip lekòl (School Leadership Team, SLT) nan chak lekòl Leta Vil Nouyòk ak yon Ekip lidèchip distri (District Leadership Team, DLT) nan chak distri lekòl kominotè. Règleman an gen ladan tou plan santral pou planifikasyon ak prizdesizyon an komen nan lekòl.

ENTWODIKSYON

Dapre Lwa edikasyon eta seksyon 2590-h la, dwe gen yon SLT nan chak Lekòl Leta Vil Nouyòk. SLT jwe yon wòl enpòtan nan kreyasyon estrikti pou desizyon y ap pran nan lekòl ak nan preparasyon chemen pou yon kilti kolaborasyon nan lekòl. SLT se machin devlopman pou règleman edikasyon anndan lekòl la ak pou asire gen resous pou aplike règleman sa yo.

SLT fonksyone an kolaborasyon pou ede nan evalyasyon pwogram edikasyon yon lekòl ak sou efè yo genyen nan reyalizasyon elèv.

Yo dwe fòm yon ekip lidèchip distri (DLT) nan chak distri lekòl kominotè ki gen ladan reprezantan ki soti nan lekòl primè, presegondè ak segondè ki nan zòn jewografik distri lekòl kominote a. DLT yo ranpli kondisyon seksyon 100.11 nan Règleman Komisyonè a konsènan plan onivo distri a pou patisipasyon paran ak estaf nan planifikasyon ak prizdesizyon an komen nan lekòl.

DEFINISYON

Definisyon sa yo aplike pou objektif règleman sa a.

- A. **Ekip lidèchip lekòl (School Leadership Team, SLT):** SLT a se yon gwoup moun ki konsène k ap travay ansanm ak lòt moun pou devlope règleman edikasyon pou lekòl li, balanse patisipasyon paran ak estaf epi enkli elèv ak lòt reprezantan kominote a nan prizdesizyon an komen nan lekòl. Dapre Lwa edikasyon eta seksyon 2590-h, SLT a responsab pou devlope yon Plan edikasyon global (Comprehensive Education Plan, CEP) anyèl ki konfòm ak bidjè lekòl la pou ane apre a.

- B. **Ekip Lidèchip Distri (*District Leadership Team, DLT*):** DLT a se a se yon gwoup moun ki konsène k ap travay ansanm avèk lòt moun pou devlope règleman edikasyon pou distri li a, enkli paran, estaf, elèv ak manm kominote a nan prizdesizyon an komen yo. DLT yo ranpli kondisyon seksyon 100.11 nan Règleman Komisyonè a konsènan plan onivo distri a pou patisipasyon paran ak estaf nan planifikasyon ak prizdesizyon an komen nan lekòl. DLT a devlope Plan edikasyon global distri (*District Comprehensive Education Plan, DCEP*) a, ki gen ladan objektif anyèl ak objektif distri a ki adapte ansanm avèk objektif Chanselye a, epi enkòpore sis kategori plan distri 100.11 lan.
- C. **Komite DLT lekòl segondè vil la (*Citywide High School DLT Committee, CHSDC*):** CHSDC se yon gwoup moun ki reprezante lekòl segondè ki rankontre chak mwa pou revize done enpòtan, idantifye pwoblèm ki anpeche elèv reyisi, epi asire yo bezwen ak pwoblèm espesyal ki afekte lekòl segondè ak elèv li yo reprezante totalman nan diskisyon DLT a.
- D. **Konsèy edikasyon pou kominote ak Vil la (*Citywide and Community Education Councils, CCEC*):** CCEC se enstans konsiltatif sou politik edikasyon ki responsab pou, pami lòt bagay, revize ak evalye pwogram akademik distri yo a, apwouve liy zonaj, ak fè odyans piblik sou kèk pwoblèm. Genyen 32 konsèy edikasyon komonite (*Community Education Council, CEC*) avèk tou kat konsèy vil la – Konsèy vil la pou lekòl segondè (*Citywide Council on High Schools, CCHS*), Konsèy Vil la pou edikasyon espesyal (*Citywide Council on Special Education, CCSE*), Konsèy Vil la pou Distri 75 (*Citywide Council on District 75, CCD75*), ak Konsèy vil la pou elèv k ap aprann lang anglè (*Citywide Council on English Language Learners, CCELL*).
- E. **Règleman entèn (*Bylaws*):** Règleman entèn fè referans avèk dokiman prensipal ki etabli yon kad pou operasyon ak jesyon SLT ak DLT yo epi li dekri règ yo dwe suiv.
- F. **Paran:** Tèm paran an, nan règleman sa a, vle di paran oswa responsab elèv la, oswa nenpòt moun ki sèvi kòm paran oswa responsab elèv la. Nan definisyon paran w ap jwenn, paran byolojik oswa paran adoptif, bopè-bèlmè, responsab legal yo nome, paran akèy ak "moun ki jwe wòl paran" yon timoun ki nan yon lekòl nan moman an.
- G. **Plan edikasyon global (*Comprehensive Education Plan, CEP*):** CEP a se yon dokiman pwogram edikasyon SLT a devlope ki angaje lekòl yo travay ansanm nan amelyorasyon kontinyèl pwogram lan, demontre koneksyon ki genyen ant bidjè lekòl la ak pwogram edikasyon an, epi reponn tout egzijans règleman eta a ak federal yo sou prizdesizyon ankomen yo.
- H. **Plan edikasyon global pou distri (*District Comprehensive Educational Plan, DCEP*):** DCEP a se yon dokiman pwogram edikasyon DLT a devlope ki angaje moun ki konsène nan distri travay ansanm nan amelyorasyon kontinyèl pwogram la epi reponn ak tout egzijans règleman eta a ak federal yo sou prizdesizyon ankomen yo.

- I. **BIDJÈ NAN LEKÒL:** Bidjè lekòl la di nan ki limit fiskal SLT a pral devlope objektif pou satisfè bezwen elèv ak pwogram edikasyon lekòl la. Yo pral devlope CEP a ansanm ak devlopman bidjè lekòl la pou li ka pran bon jan desizyon sou bidjè ak rezilta nan adaptasyon CEP a ak bidjè a. Direktè a, ki se responsab pou devlope bidjè lekòl la, pral chita pale avèk SLT a pandan pwosesis devlopman sa a pou bidjè a ka konfòm avèk CEP a. Direktè a pran desizyon final konsènan bidjè lekòl la .
- J. **Prizdesizyon ki pran nan konsansis:** Konsansis vle di yon desizyon yo jeneralman aksepte pami yon gwoup moun. Konsansis pa nesesèman vle di tout moun dakò konplètman avèk desizyon an, men pito yon konpreyansyon jeneral ke group la antann yo sou li pou rive pran yon desizyon, epi pou yo ka kontinye avanse avèk pwosesis la. Jan règleman sa a egzije l, yo dwe itilize desizyon ki pran sou baz konsansis pou devlopman CEP a ak tout zafè ki gen rapò avè bidjè. Yo ta dwe fè gwo efò pou jwenn konsansis sou tout zafè, men se majorite vòt yo ki ka deside sou zafè administratif. Zafè administratif refere avèk nenpòt bagay ki gen rapò avèk pati aspè lojistik ak fonksyonman, pami yo, pwograme reyinyon, apwouve pwosèyèbal, adopte ak amande règleman entèn, eleksyon manm yo, etc.
- K. **Lwa sou reyinyon piblik (Open Meetings Law, OML):** Fè referans avèk Lwa sou reyinyon piblik nan Eta Nouyòk, ki aplike pou kèk òganizasyon leta, ki egzije yo pou yo fè biznis dapre lwa eta a. Tout reyinyon SLT yo **dwe suiv** règleman OML yo. Reyinyon DLT yo **pa bezwen** suiv règleman OML yo, sepandan, yo dwe ouvè reyinyon DLT fè chak mwa yo pou moun ki konsène nan distri a pou patisipe kòm obsèvatè, nan limit ki posib.

I. EKIP LIDÈCHIP LEKÒL

A. Konpozisyon

1. Efektif ekip la

Tout SLT sipoze gen yon minimòm dis manm ak yon maksimòm 19 manm. Lè y ap detèmine efektif ekip la, yo dwe konsidere alokasyon ki gen pou salè pou ekip la nan bidjè a.

2. Manm obligatwa

Sèl kat manm ki obligatwa nan SLT a se, direktè lekòl la, prezidan asosyasyon paran/ asosyasyon pwofesè-paran (Parent Association/Parent-Teacher Association, PA/PTA) lekòl la ak lidè sendika federasyon pwofesè (United Federation of Teachers, UFT, ak prezidan/visprezidan komite konsèy paran (Parent Advisory Council, PAC) Tit I (si sa plikab) oswa reprezantan li yo.

Nan ka genyen ko-prezidan PA/PTA, rès manm PA/PTA yo ap deside ki ko-prezidan ki pral sèvi kòm manm obligatwa SLT a.

Mete prezidan/reprezantan prezidan PAC Tit I an kòm manm obligatwa SLT a aplikab nan lekòl Tit I yo sèlman.

SLT nan lekòl presegondè ak segondè dwe gen ladan yo elèv (li obligatwa pou gen minimòm 2 elèv nan lekòl presegondè ak segondè; lekòl ki gen klas 6yèm-12yèm ane yo dwe gen yon elèv ki nan lekòl presegondè ak yon elèv ki nan lekòl segondè).

3. Manm ki pa obligatwa

Anplis manm obligatwa yo, SLT dwe gen ladan lòt paran ak estaf akademik ak estaf ki pa akademik (tankou manm DC 37, eksepte kowòdonatè paran) ki nan lekòl la.

4. Konpozisyon ekip la

SLT yo dwe gen yon menm kantite paran ak estaf. Yo pa p ka konte elèv ak manm CBO SLT a lè y ap detèmine si yon ekip gen menm kantite paran ak estaf.

DC 37 se manm yo rekòmande yo. Lekòl yo dwe kominike avèk estaf DC 37 sou patisipasyon yo nan SLT a epi fè tout efò pou gen yon reprezantan manm DC 37 ladan.

Yo ka mete tou reprezantan òganizasyon kominotè (Community Based Organizations, CBO) yo tou.

Yo ankouraje men li pa obligatwa pou lekòl primè ak lekòl ki gen klas K-8yèm ane yo gen elèv reprezante nan SLT a. Si pa gen elèv ki reprezante nan SLT a, yo ankouraje lekòl la pou fòme yon soukomite elèv k ap gen pou rankontre avèk SLT a tanzantan, men pou pi piti 2 fwa pa an, pou diskite sou pwoblèm ki afekte elèv ak règleman lekòl yo. SLT a ka detèmine ak fè kanladriye dat soukomite a ap gen pou patisipe nan reyinyon SLT yo.

B. Kondisyon

1. Paran

Paran ki nan lekòl la elijib pou PA/PTA lekòl la eli yo pou sèvi nan SLT a.

Paran pa ka sèvi nan SLT kòm paran manm nan lekòl kote y ap travay, men yo ka sèvi nan yon lekòl kote yo gen pitit nan lekòl la.

Yo ka eli paran pou sèvi nan plis pase yon SLT depi li ranpli kondisyon ki nan règleman sa a. Paran ki se manm nan yon Konsèy edikasyon kominote (Community Education Council, CEC) (se yon ane elektoral, epi li se yon kandida pou yon pòs CEC) ka sèvi kòm yon manm paran nan yon SLT nan lekòl kote pitit li ale.

2. Estaf

Kowòdonatè paran pa ka sèvi nan SLT lekòl kote y ap travay. Yo ka envite kowòdonatè paran patisipe nan reyinyon SLT yo kòm obsèvatè oswa

prezantatè nan lekòl kote l ap travay. Yo ka mande kowòdonatè paran pou sèvi nan soukomite SLT yo tou.

Lòt estaf lekòl ka pa kapab sèvi kòm manm paran nan SLT ki nan lekòl kote y ap travay. Sepandan, ni kowòdonatè paran ni lòt manm estaf ka sèvi kòm paran manm nan SLT nan lòt lekòl kote yo gen pitit ki ale la.

Estaf biwo distri pa ka sèvi nan okenn SLT kòm paran manm nan distri kote li ap travay.

Estaf ki travay pou Òganizasyon sipò pou lekòl (School Support Organizations, SSO) pa ka sèvi kòm paran manm nan yon SLT nan okenn lekòl ki achete sèvis nan men SSO sa a.

C. Etabli yon SLT nan yon nouvo lekòl

Pou mete yon SLT sou pye, lekòl la dwe premyèman eli yon Lidè divizyon UFT (avèk sipò reprezantan distri UFT a) ak mete sou pye yon PA/PTA. Règleman Chanselye A-660 lan tabli pwosesis pou fè eleksyon pou PA/PTA. Lekòl Tit I yo dwe eli yon prezidan/visprezidan PAC Tit I tou.

Depi yo fin konnen kiyès ki Lidè divizyon UFT ak PA/PTA (ak prezidan PAC Tit I, si sa aplikab), lekòl la dwe suiv pwosedi pi ba a.

1. Prezidan PA/PTA a oswa reprezantan ko-prezidan, direktè a, lidè divizyon UFT a, prezidan/visprezidan PAC Tit I an (si sa aplikab) oswa reprezantan li yo, dwe travay ansanm pou redije règleman entèn pou fonksyonman SLT a, ki dwe konsistan avèk règleman sa a. Ansuit, se ap responsablite chak manm gwoup sa yo pou eli oswa chwazi manm reprezantan li yo dapre règleman entèn SLT a.
2. Nan lekòl primè, lekòl presegondè, Distri 75 ak distri 79, manm obligatwa ekip la ka kontakte kowòdonatè paran DOE a, konsèy prezidan yo, ak biwo sipèentandan distri Lekòl kominotè a tou, pou konsèy ak asistans teknik atravè pwosesis sa a (gade seksyon II.H. ki nan dokiman sa a).
3. Nan lekòl segondè, manm ki obligatwa nan ekip la ka kontakte kowòdonatè paran DOE a, konsèy prezidan borough lekòl segondè, ak Biwo sipèentandan lekòl segondè a tou pou konsèy ak asistans teknik (gade seksyon II.H. ki nan dokiman sa a).
4. Depi yo fin mete tout SLT a anplas, li ta dwe revize ak adopte règleman entèn ekip la epi ka amande règleman entèn sa yo, si sa nesesè.

D. Eleksyon manm SLT

1. Paran ak estaf

Pou asire tout manm kominote lekòl la gen chans pou yo patisipe ak pou ankouraje gwo patisipasyon nan SLT a, se pwòp gwoup pa yo ki dwe eli paran ak estaf nan yon fason jis ak sanpatipri ke chak gwoup detèmine epi yo dwe fè piblisite pou tout eleksyon yo, avèk avi davans ki rezonab. Eleksyon yo dwe lib pou tout manm gwoup konstitiyan yo patisipe (paegzanp, PA/PTA, CSA, UFT, DC 37, elèv ak CBO yo, jan sa aplikab) epi li dwe fèt dapre limit manda yo jan sa di nan règleman entèn ekip la.

Yo dwe pibliye davans yon avi nan espas dis jou kalandriye minimòm avan eleksyon PA/PTA pou manm paran SLT li yo. Nan ka yon PTA, se sèlman paran manm asosyasyon lekòl la ki ka vote pou eli reprezantan paran nan SLT a. Nou ankouraje PA/PTA yo pou repati manda paran manm ki pa obligatwa nan SLT a.

Yo dwe fè eleksyon SLT yo apre eleksyon PA/PTA yo. Eleksyon pou pòs nan SLT ka fèt pandan menm reyinyon an, apre eleksyon manm obligatwa PA/PTA yo. Eleksyon SLT yo ta dwe suiv menm pwosedi avèk eleksyon PA/PTA yo. (gade Règleman Chanselye A-660).

2. Elèv

Chak SLT ki nan yon lekòl presegondè ak yon lekòl segondè dwe gen ladan l yon minimòm 2 elèv; lekòl ki gen klas 6yèm - 12yèm ane dwe gen ladan yon elèv lekòl presegondè ak yon elèv lekòl segondè.

Yo ankouraje, men li pa obligatwa, pou lekòl primè ak lekòl ki gen klas K-8yèm ane yo gen elèv ki reprezante nan SLT a. Se gouvènman elèv ki pou fè eleksyon pou manm elèv nan SLT a. Si lekòl la pa gen gouvènman elèv, se direktè a ki ta dwe chwazi manm elèv yo.

3. CBO

Si lekòl la gen yon patnè CBO ki etabli, lekòl la ka envite CBO sa a pou l pran yon plas nan SLT a kòm yon manm ki pa obligatwa. CBO a pral chwazi yon manm nan òganizasyon an pou fè pati SLT a.

E. Eleksyon Manm SLT yo

1. Prezidan/ko-prezidan

Dèke yo fin fòme ekip la, ekip la dwe eli yon prezidan oswa ko-prezidan pami manm li yo. SLT yo ka eli manm ki pa manm obligatwa yo kòm prezidan oswa ko-prezidan pou ogmante patisipasyon nan SLT a. Se vòt majorite ki eli prezidan/ko-prezidan SLT a.

Prezidan an responsab pou planifye reyinyon, asire manm ekip la gen enfòmasyon ki nesèsè pou gide plan yo, ak pou konsantre ekip la sou pwoblèm

edikasyon ki gen enpòtans pou lekòl la. Prezidan an asire yo tande vwa tout manm ekip la.

2. Sekretè

Chak SLT dwe chwazi yon manm SLT pou sèvi kòm sekretè. Se vòt majorite ki eli sekretè SLT a. Sekretè a pral responsab pou voye avi reyinyon SLT a ak pou kenbe pwosè-vèbal reyinyon SLT yo. Avi sou reyinyon chak mwa, ajanda, fèy prezans, materyèl yo distribye ak dokiman ki gen rapò avèk reyinyon an, epi yo dwe telechaje pwosèvèbal yo sou pòtal iPlan DOE a (www.iplanportal.com) oswa nenpòt ranplasan k ap genyen nan fen reyinyon mwa pwochen an, bay PA/PTA a yon kopi ak dokiman orijinal ki te ranpli nan lekòl la pou yon peryòd 7 lane. Direktè lekòl la ka nome yon manm estaf biwo pou ede sekretè SLT a.

F. Règleman entèn SLT

1. Chak SLT dwe devlope règleman entèn yo ki bay eksplikasyon klè sou responsablite SLT yo. Règleman entèn SLT yo dwe konsistan avèk règleman sa a. Nan ka kote règleman entèn SLT gen kondisyon ki an konfli avèk règleman sa a:

- Yo pral anile kondisyon an, epi se kondisyon règleman sa a ki dwe anvigè.
- Yon mosyon nenpòt manm SLT ka amande pwovizyon an nan nenpòt reyinyon SLT fè chak mwa.
- Tout lòt kondisyon ki pa an konfli avèk règleman sa a ap rete valid ak anvigè.

2. Règleman entèn yo ta dwe gen ladan yo desizyon enpòtan sou fason pou vin manm ak jan SLT opere epi dwe abòde domèn sa yo:

- wòl manm ekip la ak prezidan an;
- konpozisyon ekip la
- kijan reyinyon yo fèt, dapre egzijans ki nan Lwa sou reyinyon piblik (Open Meetings Law, OML) nan Eta Nouyòk;
- Ki lè gen kowòm dapre OML;
- metòd pou fè eleksyon pou paran ak manm estaf;
- metòd pou chwazi prezidan;
- metòd pou chwazi CBO yo ak manm elèv yo, kote sa aplikab;
- dire manda (dezan);
- kantite manda moun ka fè (savledi, di yon manda pa ka depase X kantite manda youn apre lòt, sofsi pa gen lòt moun ki poze kandida, oswa si pa gen limit nan kantite manda yon moun ka fè);
- pwosesis ak rezon pou revoke prezidan ak manm ekip la nan pòs yo;

- metòd pou prizdesizyon ak pwosedi pou suiv si ekip la gen nesesite pou rezoud konfli;
 - Konble pòs ki vid,
 - wòl obsèvatè pandan reyinyon yo;
 - ki moun ki ka pran lapawòl nan reyinyon yo;
 - Kòman yo kreye ajanda;
 - Ekip la dwe rankontre omwen dis fwa nan yon ane lekòl;
 - Kantite reyinyon yon moun ka rate, ak ki konsekans lè yon moun rate plis reyinyon pase kantite yon moun ka rate;
 - Si yo ta dwe repati manda manm paran ki pa obligatwa yo; epi
 - pou gen yon sekretè.
3. SLT yo ka mande atravè règleman entèn li yo pou yo ta rankontre ak kowòdone avèk lòt komite lekòl tankou Asosyasyon paran/Asosyasyon pwofesè-paran (Parent Association/Parent Teacher Association, PA/PTA) ak Komite konsèy paran (Parent Advisory Council, PAC) Tit I an pou asire tout komite lekòl ap travay ansanm pou atenn menm objektif ki tabli nan CEP a.
4. Ekip la ta dwe revize règleman entèn SLT yo omwen chak dezan. Chak SLT, atravè reprezantan direktè, dwe bay non ak enfòmasyon sou mwayen pou kontakte manm li yo ak bay DLT a ak reprezantan sipèentandan an yon kopi règleman entèn aktyèl li a chak ane, nan delè 31 oktòb. Anplis, yo dwe telechaje non ak enfòmasyon sou mwayen pou kontakte manm SLT yo sou pòtal Enfòmasyon pou kontak lidèchip paran ak elèv (Student Parent Leadership Contact Information, SPLCI) DOE a. Yo dwe telechaje règleman entèn SLT a sou pòtal iPlan DOE a. Si SLT a fè chanjman nan règleman entèn li a oswa gen yon chanjman nan afilyasyon, yo dwe telechaje avi sou chanjman sa yo sou pòtal iPlan lan.
- G. Reyinyon SLT
1. Pwograme reyinyon
- SLT yo dwe rankontre omwen yon fwa pa mwa pandan ane lekòl la epi yo ka pwograme reyinyon pandan ete a, si sa mansyone nan règleman entèn SLT a. Reyinyon yo dwe fèt nan lekòl oswa nan lokal DOE yo epi yo dwe pwograme yo nan lè k ap bon pou paran manm yo (maten oswa apremidi) men pa nan lè ansèyman.
- Yo atann pou manm obligatwa yo oswa reprezantan yo patisipe nan tout reyinyon SLT yo.
2. Egzijans OML
- Reyinyon SLT yo dwe suiv egzijans sou Lwa pou fè reyinyon piblik (Open Meetings, Law, OML) nan Eta Nouyòk, pakonsekan, reyinyon SLT yo dwe fèt

dapre tout egzijans OML ki aplikab yo. Pami yo, itilize videyo konferans lè y ap fè reyinyon yo epi satisfè tout avi ki te soti sou egzijans yo.

3. Pwosè-vèbal

Yo dwe anrejistre prezans ak pwosè-vèbal nan chak reyinyon. Yo dwe kenbe pwosè-vèbal reyinyon SLT yo nan lekòl la epi telechaje yo sou pòtal iPlan DOE a (www.iplanportal.com). Pwosè-vèbal reyinyon SLT yo dwe disponib pou kominote lekòl la na entèval 2 semèn apre chak reyinyon.

H. Kalandriye chak mwa SLT

Kalandriye chak mwa SLT a mansyone aksyon obligatwa SLT ap angaje l pou pran nan mwa a pou asire l yo konsilte ak kolabore avèk tout moun ki konsène yo nan devlope ak revize ansanm règleman sou angajman paran ak fanmi CEP a, ak kontra ant paran ak lekòl (School-Parent Compact) la. SLT yo ta dwe itilize kalandriye a pou fasilite reyinyon chak mwa li yo epi mete bagay anplis nan ajanda yo jan sa nesesè.

I. Salè manm SLT

Pou manm SLT ka elijib pou resevwa salè \$300 chak ane a, ladan elèv ak reprezantan CBO, yo dwe fè 30 èdtan sèvis SLT ki apwouve, epi yo dwe patisipe chak ane nan yon sesyon trening obligatwa ki gen rapò avèk pwoblèm CEP ak bidjè, se Depatman edikasyon (Department of Education, DOE) ki dwe bay trening sa a. Manm ki ale nan trening lan, men ki travay mwens pase 30 èdtan ka mande salè sou yon baz pro-rata.

Manm SLT ka travay pou lè yo pral konsidere pou salè, soti nan kòmansman ane fiskal la ki se 1^{ye} jiyè rive nan fen ane fiskal la, ki se 30 jen nan ane pwochen an. Delè pou manm ekip la voye ale demand pou resevwa salè an se dènye jou ofisyèl ane lekòl la. SLT ki dakò pou rankontre pandan mwa ete yo, jan sa dokimante nan règleman entèn li yo, ka jwenn plis finansman pou peye manm. Manm SLT ki deja bay 30 èdtan sèvis SLT pandan ane lekòl regilye a ka elijib pou yo peye yo pou sèvis SLT anplis pandan mwa ete yo nan yon to \$10 dola pa èdtan pou yon maksimòm 10 èdtan pa manm.

Manm ekip yo responsab pou asire yo dokimante tout dosye ki pwouve kantite lè sèvis yo voye ale ba prezidan an pou kontwòl.

Manm dwe chwazi yon fason endividyèl si y ap aksepte oswa renonse avèk salè anyèl la epi fè lekòl la kado kòb la pou lòt bezwen lekòl la genyen. Règleman entèn ekip la pa ka dikte manm lan okenn chwa espesifik.

J. Dwa ak responsablite SLT

1. Plan edikasyon global ak bidjè onivo lekòl

Dapre lwa edikasyon eta seksyon 2590-h, SLT a responsab pou devlope yon Plan edikasyon global (Comprehensive Education Plan, CEP) anyèl ki konfòm avèk bidjè lekòl la pou ane apre a. Bidjè lekòl la di nan ki limit fiskal SLT a pral devlope objektif pou satisfè bezwen elèv ak pwogram edikasyon lekòl la.

Yo dwe devlope CEP a nan menm tan avèk developman bidjè lekòl la pou sa ka gide pwosesis desizyon y ap pran sou bidjè a ak pou garanti CEP a ak bidjè a aliye. Direktè a, ki se responsab pou devlope bidjè lekòl la, dwe chita pale avèk SLT a pandan pwosesis developman sa a pou bidjè a ka konfòm ak CEP a. Direktè a pran desizyon final konsènan bidjè lekòl la .

Pou garanti CEP a konfòm avèk bidjè lekòl la, nenpòt manm SLT a kapab mande (nan non SLT a) Rapò tablo òganizasyon Galaxy a (Table of Organization) ki gen tit "Opinyon piblik/SLT" ("Public/SLT View") avèk ID djòb ak enfòmasyon konfidansyèl ki ekri) jiska de fwa pa semèn epi an repons, direktè a dwe bay rapò a nan espas 5 jou lekòl. Anplis nenpòt manm SLT a kapab jwenn nan sitwèb DOE a repatisyon bidjè Galaxy yo, ki afiche lè yo pibliye alokasyon pou nouvo ane fiskal la, ak yon rezime rapò tablo òganizasyon Galaxy (Galaxy Table of Organization Summary Reports), ki afiche nan kòmansman chak ane lekòl.

2. Veye ale ak finalize bidjè nan lekòl

Direktè a dwe voye bidjè yo pwopoze onivo lekòl la ale ba SLT ak sipèentandan kominote a oswa sipèentandan lekòl segondè a, ansanm avèk yon eksplikasyon alekri ki jistifye bidjè lekòl la reponn avèk CEP a. Sipèentandan an di nan ki fòm ak kijan pou yo voye jistifikasyon alekri a ale.

Si manm SLT yo (eksepte direktè a) dakò bidjè lekòl la reponn avèk CEP a, SLT a pa bezwen voye yon repons ba direktè a pou l fè jistifikasyon. Sepandan, si manm SLT yo (eksepte direktè a) jwenn yon konsansis yo pa dakò avèk jistifikasyon direktè a ki di bidjè lekòl la reponn avèk CEP a, epi bidjè direktè a pwopoze a pa reponn avèk objektif ak règleman ki nan CEP la, SLT a ka voye repons sou jistifikasyon ale bay sipèentandan kominote a oswa sipèentandan lekòl segondè a nan yon espas 10 jou lekòl.

Si manm SLT yo (eksepte direktè a) voye yon repons ale, apresa kominote a oswa sipèentandan lekòl segondè a dwe bay SLT a yon repons alekri nan espas 10 jou lekòl apre yo fin resevwa repons SLT a. Repons sipèentandan an dwe gen ladan yon pozisyon konsènan diskisyon si wi ou non bidjè lekòl la pa reponn avèk CEP a, yon deskripsyon enfòmasyon yo te revize a ak sou ki baz yo pran desizyon yo pran an. Lè yo fin resevwa desizyon sa a, direktè a dwe imedyatman revize bidjè lekòl la ak/oswa SLT a dwe revize CEP a, jan sa aplikab, dapre eksplikasyon ki nan repons sipèentandan an.

Pou sa a vin final, kominote a oswa sipèentandan lekòl segondè a dwe apwouve bidjè lekòl la, epi ki dwe sètifye ke bidjè a reponn avèk CEP a.

Yo dwe poste CEP ak bidjè lekòl ki final la sou sitwèb ofisyèl DOE oswa lekòl la ak voye yo ale sou pòtal santral ki apwopriye a, epi yo dwe bay chak manm SLT swa yon kopi sou papye oswa elektwonik.

3. Prizdesizyon ki pran nan konsansis

- Yo dwe pran prizdesizyon SLT a sou baz konsansis epi yo dwe chèche èd si yo pa ka jwenn yon konsansis sou CEP a. Si yo pa ka jwenn yon konsansis pou devlope yon CEP ki reponn avèk bidjè lekòl la, SLT adwe chèche èd bò kote Ekip lidèchip distri (District Leadership Team, DLT) a, epi si yo pa reyisi, apresya, yo dwe chèche èd bò kote sipèentandan kominote a oswa sipèentandan lekòl segondè a.
- Manm SLT yo, eksepte direktè a, kapab konteste nenpòt desizyon direktè a pran kote manm SLT yo (eksepte direktè a) rive jwenn yon konsantman ki di desizyon an pa mache avèk objektif ak règleman ki nan CEP ki deja egziste nan lekòl la, si yo soumèt yon objeksyon alekri bay sipèentandan kominote a oswa sipèentandan lekòl segondè a.
- Sipèentandan kominote a oswa sipèentandan lekòl segondè a dwe fasilite yon konsansis pami SLT a. Si, menmsi apre yo fin chèche ak resevwa tout fòm èd sa yo, SLT a toujou pa ka jwenn yon konsansis sou CEP a, apresya sipèentandan an dwe pran detèminasyon pou devlope CEP a. Sepandan, sipèentandan an ap pran yon detèminasyon sou CEP a sèlman kòm yon dènye rekou, lè yo aplike tout metòd ki sot di yo la pou fasilite manm SLT yo jwenn yon konsansis echwe.
- Sipèentandan an dwe bay SLT a ak direktè a yon repons alekri nan espas 10 jou lekòl apati lè li te resevwa premye plent lan, repons sa a dwe genyen ladan enfòmasyon sipèentandan an revize a ak motif desizyon li pran konsènan konfli a.

4. C-30 konsiltasyon

SLT a pa responsab pou anplwaye ni pou revoke estaf lekòl. Sepandan, dapre Règleman Chanselye C-30, Yo dwe chita pale avèk SLT a avan pou yo anplwaye yon aplikan pou direktè oswa asistan direktè nan lekòl la.

Manm SLT yo elijib pou sèvi nan komite nivo I C-30 lan, dapre kondisyon ki nan règleman Chanselye C-30 lan. Sepandan, si paran nan SLT lekòl la pa disponib pou ofri sèvis yo nan komite Nivo I an, prezidan komite Nivo I an dwe bay manm egzekitif PA/PTA lekòl la opòtinite pou ofri sèvis yo nan Komite Nivo I an.

5. Evalyasyon anyèl:

Tout manm SLT yo (eksepte direktè a) dwe fè yon evalyasyon anyèl sou dosye kote direktè a devlope yon relasyon ki efikas sou prizdesizyon an komen avèk manm SLT yo pandan ane lekòl la. Yo dwe ranpli fòm evalyasyon direktè ekip Lidèchip Lekòl (School Leadership Teams, SLT) a epi voye li ale ba sipèentandan distri kominotè oswa sipèentandan lekòl segondè a pa pita pase lè dènye reyinyon SLT yo nan mwa jen an. Sipèentandan distri kominote a oswa sipèentandan lekòl segondè a dwe asire ke li resevwa tout evalyasyon anyèl yo nan fen dènye jou lekòl nan ane lekòl la.

6. Pwopozisyon itilizasyon lekòl

Sipèentandan ap pale avèk SLT a sou tout plan restriktirasyon pou lekòl la. Nan respè sou tout pwopozisyon ki fèt pou fèmen yon lekòl oswa fè yon chanjman konsiderab nan itilizasyon lekòl, SLT a dwe patisipe nan odyans piblik ankòlaborasyon an k ap fèt nan lekòl la. Gade Règleman Chanselye A-190. Pou plis enfòmasyon sou reòganizasyon lekòl, tanpri kontakte Biwo Planifikasyon Distri a nan ODPOperations@schools.nyc.gov.

7. Konsèy bilding/kanpis

Nan bilding ki gen plizyè lekòl k ap fonksyone anndan l, yo ankouraje SLT yo pou yo rankontre omwen 2 fwa pa an pou diskite pwobèm ki konsène yo tout. Nan wòl li kòm ògan planifikasyon ak revizyon lekòl la, SLT a se ekip koòdinasyon santral ki nan lekòl la, epi li ta dwe ede nan fasilite kominikasyon ant kominote ki fè pati lekòl la anndan bilding lan (paegzanp, Komite pou sekirite lekòl ki anba règleman Chanselye A-414).

8. Konsèy Edikasyon pou Kominote a ak pou Vil la

Manm Konsèy edikasyon kominote (Community Education Council, CEC) yo aji kòm lyezon avèk SLT lekòl yo nan distri lekòl kominote respektif pa yo. Manm Konsèy vil la pou lekòl segondè (Citywide Council on High Schools, CCHS) yo jwe menm wòl pou lekòl segondè yo nan tout sistèm lan, menm jan ak manm distri 75 pou chak CEC yo nan lekòl distri 75 yo. Fonksyon lyezon an gen ladan patisipe nan reyinyon kòm obsèvatè ak/oswa kòman moun k ap prezante ak patisipe nan komite SLT a nan soukomite lè manm SLT a envite l.

9. Konsiltasyon avèk paran

Pou satisfè egzijans federal yo, jan sa di nan Lwa sou edikasyon primè ak segondè (Elementary and Secondary Education Act, ESEA), ke tou dènyeman yo reotorize kòm Lwa Chak Elèv ap gen Siksè (Every Student Succeeds Act, ESSA) a, Ekip Lidèchip Lekòl ak Ekip Lidèchip distri yo pral sèvi kòm entèmedyè pou chita pale avèk reprezantan paran yo konsènan fason pou itilize lajan federal ranbousab ap planifye pwogram (paegzanp, fon sibvansyon pou Tit I).

Ekip Lidèchip Lekòl ak Ekip Lidèchip distri yo ta dwe konsève dokiman nan dosye pou verifye ke yo te fè konsiltasyon obligatwa sa a.

10. Prizdesizyon/Rezolisyon pwoblèm

SLT dwe itilize yon pwosesis konsansis nan prizdesizyon kòm mwayen ki itilize pou pran desizyon ki konsène tout zafè ki gen rapò avèk CEP ak bidjè. Yo ta sipoze fè gwo efò pou jwenn konsansis sou tout pwoblèm, men se vòt majorite a ki ka deside sou zafè administratif (paegzanp, adopte amannman sou règleman entèn, pwograme reyinyon, apwouve pwosèyèbal, fè eleksyon pou manm). Ekip yo dwe devlope metòd pou angaje yo nan rezoud pwoblèm ak chèche solisyon nan kolaborasyon epi, lè sa nesesè, estrateji efikas pou rezoud konfli.

Lè yon ekip fè tout efò pou rezoud yon pwoblèm epi manm yo pa ka jwenn yon akò, ekip la ta dwe chèche èd bò kote DLT a. Depi DLT a resevwa demand pou èd la, yo dwe gen dis jou pou reponn. Si DLT a pa reponn nan espas 10 jou oswa SLT a pa aksepte repons DLT a bay la, SLT a dwe chèche asistans bò kote sipèentandan kominote a oswa sipèentandan lekòl segondè a.

Kote manm ekip yo gen difikilte pou jwenn enfòmasyon pou jwenn asistans nan rezoud pwoblèm ki gen rapò avèk konsiltasyon avèk direktè lekòl la, yo ka chèche asistans bò kote DLT a oswa sipèentandan an oswa reprezantan estaf santral la.

K. Trening ak sipò

DLT yo pral bay SLT yo konsèy ak reponn kesyon yo genyen sou aplikasyon règleman sa a.

DLT yo, avèk sipò yo jwenn nan men biwo santral DOE a pou lidèchip lekòl (Divizyon premye chanselye adjwen) an, oswa biwo siksesè li a, pral bay SLT yo trening sou devlopman Plan edikasyon global (Comprehensive Eucation Plans, CEP) yo ak egzijans pou aplike pwogram Tit I yo.

L. Plent ak konplent

1. Plent ki gen rapò avèk pwoblèm nan eleksyon:

- a. Paran ka pote yon plent alekri konsènan eleksyon pou paran sèvi nan SLT nan lekòl kote pitit yo ale. Tout kontestasyon eleksyon:
 - i. Yo dwe voye yo alekri bay sipèentandan an epi yo dwe gen non moun ki fè plent lan epi mete yon nimewo telefòn oswa yon adrès imèl kote yo ka kontakte li. Yo p ap aksepte plent anonim ni anpèsòn oswa nan telefòn.
 - ii. Yo dwe voye yo pa pi ta pase 5 jou kalandriye apre reyinyon eleksyon an oswa anons rezilta yo si sa fèt pi ta.

iii. Yo dwe bay evidans te genyen yon vyolasyon materyèl, presi nan règleman sa a oswa règleman entèn PA/SLT a.

b. Desizyon kontestasyon eleksyon

- i. Sipèentandan an pral pran yon desizyon alekri, pa pita nan 10 jou kalandriye apre li te resevwa plent lan. Sipèentandan an ka mande asistans bò kote konstitiyan gwoup apwopriye yo nan envestige revandikasyon eleksyon an oswa pran yon desizyon.
- ii. Yo ka ale nan apèl avèk desizyon sipèentandan an pran yo devan Biwo ranfòsman kapasite fanmi ak kominote (Office of Family and Community Empowerment, FACE) la oswa biwo reprezantan li a. Yo dwe voye apèl yo alekri bay FACE pa pi ta pase 5 jou apre yo resevwa desizyon sipèentandan an. FACE pral, nan espas 5 jou apre l fin resevwa resevwa apèl la, piblye yon lèt k ap afime, anile, oswa chanje desizyon sipèentandan an. Yo limite motif pou anile/fè chanjman si gen:
 1. Yon move entèpretasyon règleman sa a oswa règleman entèn SLT a.
 2. Si yo pa suiv pwosedi kontestasyon yo jan yo mete yo nan regleman sa a.
 3. Nouvo enfòmasyon ki vin disponib ki pat disponib nan moman sipèentandan an t ap pran desizyon an.
- iii. Desizyon FACE la final epi ou pa ka ale ann apèl pou li. Tout desizyon yo ap disponib pou piblik la si yo mande l. Lè sa apwopriye, y ap efase enfòmasyon ki ka idantifye pèsonèlman moun sou desizyon ki pibliye yo.

2. Konplent ak dispit

SLT ta dwe travay sou plan entèn pou korije tout lòt konplent, dispit, konfli oswa enfrasksyon ki pa gen rapò avèk eleksyon yo. SLT dwe diskite plent oswa swadizan vyolasyon an epi vote pou yon solisyon ki apwopriye. Si yo pa kapab rezoud pwoblèm yo onivo entèn, yo ka mande sipò bò kote DLT li a.

Yon manm SLT ka fè apèl devan sipèentandan an konsènan rezilta yon vòt SLT ki t ap sanksyone yon manm SLT pou vyolasyon règleman entèn SLT yo. Yo dwe voye apèl la ba sipèentandan an alekri pa pita pase 5 jou kalandriye apre yo te jwenn vòt SLT a epi yo dwe di non moun ki fè plent lan epi mete ladan yon nimewo telefòn oswa adrès imèl kote yo ka kontakte li. Apèl la dwe bay evidans te gen yon vyolasyon materyèl ak presi règleman sa a oswa règleman entèn SLT a.

Sipèentandan an pral bay yon desizyon alekri, pa pita pase 10 jou kalandriye apre l te resevwa apèl la. Sipèentandan an ka mande asistans nan men gwoup konstitiyan apwopriye yo pou envestige apèl la oswa pou pran yon desizyon. Desizyon sipèentandan an final epi ou pa ka ale ann apèl pou li. Tout desizyon yo ap disponib pou piblik la si yo mande l. Lè sa apwopriye, y ap efase enfòmasyon ki ka idantifye pèsonèlman moun sou desizyon ki pibliye yo.

II. **EKIP LIDÈCHIP ONIVO DISTRI**

A. Konpozisyon

1. Manm obligatwa

Manm obligatwa DLT a se:

- Sipèentandan kominote a (oswa reprezantan li)
- Sipèentandan lekòl segondè a responsab pou lekòl segondè ki nan zòn jewografik distri a (oswa reprezantan l) .
- Reprezantan CSA (yon K-8yèm ane ak yon HS (lekòl segondè)
- Reprezantan UFT (yon K-8yèm ane ak yon HS (lekòl segondè)
- Reprezantan DC 37
- Prezidan Konsèy Prezidan (PC) (oswa reprezantan l)
- Prezidan Konsèy Prezidan borough lekòl segondè (oswa reprezantan l)
- Prezidan Konsèy konsiltatif pou paran (District Parent Advisory Council, DPAC) Tit l an (oswa reprezantan l)
- Rweprezantan Konsèy Edikasyon Kominote
- 2 reprezantan elèv (yon elèv lekòl segondè ak yon elèv lekòl presegondè) ke sipèentandan kominote a chwazi an konsiltasyon avèk sipèentandan lekòl segondè a (yo).

2. Manm ki pa obligatwa

Òganizasyon kominotè (Community based organization, CBO), yon manm nan nenpòt Konsèy tout vil la ki ale nan yon lekòl oswa yon pwogram ki nan zòn jewografik distri a ak sipèentandan distri 79 la oswa reprezantan l ka fè pati DLT a tou.

3. Distri 75

Yon DLT obligatwa tou pou distri 75. DLT 75 distri a dwe gen ladan Sipèentandan distri 75, yon CSA ak yon reprezantan UFT, ak Prezidan PC distri 75 lan (oswa reprezantan l). CBO yo ak prezidan konsèy vil la nan distri 75 (oswa reprezantan l) ka gen ladan tou DLT distri 75 lan.

B. **Komite DLT lekòl segondè vil la**

1. Objektif

Pou asire bezwen ak pwoblèm espesyal ki afekte lekòl segondè yo ak pou elèv yo reprezante totalman nan diskisyon DLT a, yo dwe fòme yon soukomite ak reprezantan lekòl segondè vil la epi l ap reyini chak mwa pou gade done enpòtan ak idantifye pwoblèm ki afekte pèfòmans elèv onivo lekòl segondè. Yo pral fè yon rapò rezime sa ki te di nan reyinyon Komite DLT lekòl segondè vil la (Citywide High School DLT Committee, CHSDC) fè chak mwa a bay youn oswa plizyè manm komite a (ki pral sèvi kòm entèmedyè) ak/oswa sipèentandan kominote an pandan reyinyon DLT mansyèl chak distri **kòm yon sijè nan ajanda ki la a**. DLT yo pral kontinye mete ladan nenpòt reprezantan gwoup la onivo lekòl segondè epi yo pral diskite pwoblèm lyezon Komite DLT lekòl segondè vil la poze kòm yon pati nan planifikasyon ak rezolisyon pwoblèm estratejik anjeneral soti nan edikasyon pou debitan rive nan klas 12yèm ane.

2. Afilyasyon

Manm obligatwa Komite DLT lekòl segondè vil la se:

- Sipèentandan lekòl segondè
- Sipèentandan Distri 79
- Sipèentandan Distri 75
- Reprezantan lekòl segondè UFT
- Reprezantan lekòl segondè CSA
- Reprezantan lekòl segondè DC 37
- 2 reprezantan paran ki soti nan chak Konsèy prezidan borough lekòl segondè
- Yon reprezantan elèv nan chak sipèentandan lekòl segondè/distri (sipèentandan lekòl segondè a chwazi)
- 2 reprezantan paran lekòl segondè ki soti nan Konsèy prezidan distri 75, kote sa aplikab.

Sipèentandan lekòl segondè a pral jwe wòl prezidan CHSDC a ke Divizyon premye chanselye adjwen an deziyen. Y ap fè manm CHSDC yo konnen non moun yo chwazi kòm prezidan CHSDC a nan kòmansman chak ane lekòl.

CHSDC dwe devlope règleman entèn ki konsistan avèk règleman sa a, pou kontwole desizyon enpòtan sou afilyasyon ak sa k ap fèt nan komite a (jan sa di nan seksyon II.c).

3. Responsablite CHSDC

Prezidan CHSDC pral konpile ak pataje yon rezime reyinyon CHSDC fè chak mwa pou bay rapò nan reyinyon mansyèl distri DLT a **kòm yon sijè nan ajanda ki la a**.

Manm lekòl segondè nan chak DLT pral deside ansanm sou moun ki responsab pou pote enfòmasyon, resous ak materyèl ki te diskite nan reyinyon CHSDC fè chak mwa a bay tout DLT a. Swa yo chwazi l ansanm, oswa reprezantan manm lekòl

segondè (sipèentandan lekòl segondè, UFT, CSA, DC 37, ak/oswa paran) pral sèvi kòm lyezon Komite DLT lekòl segondè vil la pou DLT a.

DLT yo pral kontinye mete ladan nenpòt reprezantan gwoup la onivo lekòl segondè epi yo pral diskite pwoblèm lyezon Komite DLT lekòl segondè vil la poze kòm yon pati nan planifikasyon ak rezolisyon pwoblèm estratejik anjeneral, soti nan edikasyon pou debitan rive nan klas 12yèm ane.

Biwo santral DOE (Divizyon premye chanselye adjwen) an pral responsab pou korije nenpòt pwoblèm ak inkyetid ki ta parèt nan CHSDC a.

C. Règleman entèn (*Bylaws*)

1. Chak SLT ak CHSDC a dwe devlope règleman entèn yo ki bay eksplikasyon klè sou responsablite yo. Yo dwe mete desizyon enpòtan ki pou pran konsènan ekip/komite manm ak operasyon nan règleman entèn yo. Règleman entèn DLT/CHSDC yo dwe konsistan avèk règleman sa a. Nan ka kote règleman entèn DLT oswa CHSDC yo gen kondisyon ki an konfli avèk règleman sa a:
 - Yo dwe anile kondisyon an, epi se kondisyon règleman sa a ki dwe anvigè.
 - Yon mosyon nenpòt manm DLT/CHSDC ka amande pwovizyon an nan nenpòt reyinyon DLT/CHSDC fè chak mwa a.
 - Tout lòt kondisyon ki pa an konfli avèk règleman sa dwe rete valid ak anvigè.
2. Tout règleman entèn yo dwe trete sou pwèn sa yo:
 - wòl manm ekip/komite a ak prezidan an;
 - konpozisyon ekip/komite a;
 - Jan pou fè reyinyon;
 - Kowòm;
 - metòd pou chwazi prezidan;
 - metòd pou chwazi CBO yo ak manm elèv yo, kote sa aplikab;
 - pwosesis ak rezon pou revoke prezidan ak manm ekip la nan pòs yo;
 - metòd pou prizdesizyon;
 - wòl obsèvatè yo pandan reyinyon yo;
 - ki moun ki ka pran lapawòl nan reyinyon yo;
 - ekip la dwe rankontre omwen dis fwa nan yon ane lekòl;
 - Kantite reyinyon yon moun ka rate, ak ki konsekans lè yon moun rate plis reyinyon pase kantite yon moun ka rate; epi
 - pou gen yon sekretè
3. DLT ak CHSDC dwe telechaje yon kopi règleman entèn yo a ak yon lis ki gen non ak enfòmasyon sou mwayen pou kontakte tout manm ekip/komite a nan pòtal iplan DOE a (www.iplanportal.com) chak ane, nan delè 15 novanm.

4. Yo ta dwe revize règleman entèn DLT/CHSDC yo omwen chak dezan. Si DLT/CHSDC a fè chanjman nan règleman entèn li yo oswa gen yon chanjman nan afilyasyon, yo dwe telechaje avi sou chanjman sa yo sou pòtal iPlan lan.

D. Orè Reyinyon

1. DLT ak CHSDC yo dwe rankontre omwen yon fwa pa mwa pandan ane lekòl la epi yo ka pwograme reyinyon pandan ete a, si sa mansyone nan règleman entèn DLT a. Yo dwe fè reyinyon yo nan lokal distri/DOE yo oswa sou yon platfòm vityèl adistans (Virtual Remote Platform, VRP) epi pwograme reyinyon yo nan lè k ap bon pou manm paran yo (maten oswa apre midi). Yo atann pou manm obligatwa yo oswa reprezantan yo patisipe nan tout reyinyon DLT ak CHSDC yo.

2. Pwosè-vèbal

Yo dwe anrejistre prezans ak pwosè-vèbal nan chak reyinyon epi telechaje yo sou pòtal iPlan lan (www.iplanportal.com).

E. Kalandriye chak mwa DLT

Kalandriye chak mwa DLT a mansyone aksyon obligatwa DLT ap angaje l pou pran nan mwa a pou asire l yo konsilte ak kolabore avèk tout moun ki konsène yo nan devlope ak revize ansanm DCEP a, règleman sou angajman paran ak fanmi distri a, ak Plan distri 100.11 la pou patisipasyon pwofesè ak paran nan planifikasyon ak prizdesizyon ankomen nan lekòl la. DLT yo ta dwe itilize kalandriye a pou fasilite reyinyon chak mwa li yo epi mete bagay anplis nan ajanda yo jan sa nesèsè.

F. Dwa ak Responsablite

1. Dapre seksyon 100.11 ki nan Règleman komisè edikasyon an, chak sipèentandan kominote a dwe devlope yon plan distri k ap pèmèt pwofesè, paran ak administratè patisipe nan planifikasyon ak prizdesizyon ankomen nan lekòl la. Sipèentandan an responsab pou devlopman plan distri a nan kolaborasyon avèk "yon komite k ap gen ladan administratè òganizasyon negosyasyon administratif distri a (yo) chwazi, pwofesè ke òganizasyon negosyasyon kolektif la (yo) chwazi ak paran (ki pa yon anplwaye distri a oswa yon anplwaye òganizasyon negosyasyon kolektif ki reprezante pwofesè oswa administratè nan distri a) ke òganizasyon onivo lekòl chwazi." Nan Vil Nouyòk, komite sa a se Ekip lidèchip distri (District Leadership Team, DLT) a li ye.
2. Yo dwe fòme yon ekip lidèchi distri (DLT) nan chak distri lekòl kominote ki gen ladan reprezantan ki soti nan lekòl primè, presegondè ak segondè ki nan zòn jewografik distri lekòl kominote a. DLT yo ranpli kondisyon seksyon 100.11 nan Règleman Komisyonè a konsènan plan onivo distri a pou patisipasyon paran ak estaf nan planifikasyon ak prizdesizyon an komen nan lekòl.

3. DLT a devlope Plan edikasyon global distri (District Comprehensive Education Plan, DCEP) a, ki gen ladan objektif anyèl ak objektif distri a ki adapte ansanm avèk objektif Chanselye a, epi enkòpore sis kategori plan distri 100.11 lan.
 - a. Pwoblèm edikasyon ki pral pwenn santral nan planifikasyon kolektif k ap fèt onivo lekòl la;
 - b. fason ak kantite patisipasyon yo atann nan men tout antite ki fè pati SLT a;
 - c. Mwayen ak estanda tout pati yo ta dwe evalye amelyorasyon nan akonplisman elèv;
 - d. mwayen tout antite yo pral responsab pou desizyon ki te pataje lè yo tap pran desizyon sa yo.
 - e. pwosesis pou rezoud dispit nan SLT yo; ak
 - f. fason yo pral satisfè egzijans eta a ak federal pou patisipasyon paran nan planifikasyon ak nan prizdesizyon.
4. DLT yo bay tou sipò, gid, asistans teknik/trening, ak rezolisyon konfli pou SLT yo nan distri li yo. Divizyon premye chanselye adjwen an oswa biwo reprezantan li a, pral bay sipèentandan an ak DLT a konsèy ak asistans teknik nan devlopman Plan edikasyon global distri (District Comprehensive Education Plans , DCEP) yo.
5. Anplis, DLT yo dwe fè yon evalyasyon plan 100.11 distri a chak dezan pou evalye efikasite desizyon ki pran onivo distri a . DLT a dwe fè evalyasyon plan 100.11 distri chak dezan an ki nan DCEP a nan delè 15 janvyè chak ane kalandriye ki fini pa nimewo pè. Yo dwe voye Rezilta evalyasyon chak dezan an ale ba Depatman edikasyon eta Nouyòk la nan delè 1ye fevriye chak ane ki fini pa nimewo pè.

G. Trening ak Sipò

1. Chak distri lekòl kominotè, sipèentandan lekòl segondè ak distri 75 pral gen yon manm reprezantan ki nan estaf santral (ki soti nan Divizyon premye chanselye adjwen an, Divizyon pou aprantisaj enklizif ak aksesib (Division of Inclusive and Accessible Learning, DIAL) oswa biwo reprezantan li yo), ki pral bay sèvis konplè pou ede DLT yo ak/oswa moun ki gen enterè ki enpòtan, ladan fòmasyon pwofesyonèl ak sipò teknik. Pi devan, sipèentandan yo ka fè menm jan an chèche èd bò kote estaf santral la pou fòmasyon DLT yo.
2. Lè sa apwopriye, reprezantan estaf santral pral bay trening pou ede estaf distri ak DLT yo nan fòmasyon epi sipòte SLT yo nan konprann ak ranpli wòl ak responsablite yo.
3. Pami domèn enpòtan pou trening yo, gen ladan:
 - Wòl ak responsablite;
 - Prizdesizyon ki pran nan konsansis;
 - kòman ekip la opere, tankou konpozisyon l ak règleman entèn yo;
 - engaje fanmi ak kominote yo nan devlopman ak revize yon DCEP;

- bidjè ki reponn avèk DCEP a; ak
- reponn avèk egzijans pwogram Tit I yo.

H. Plent

Tout DLT yo ta dwe travay onivo entèn pou rezoud plent ak konfli ki anndan DLT a. Si yo pa kapab rezoud yo onivo entèn, yo ka mande sipò nan men FACE, Divizyon premye Chanselye adjwen oswa biwo reprezantan I yo. Yo dwe pote plent yo nan FACE@schools.nyc.gov.

Yon manm DLT ka fè apèl devan FACE konsènan rezilta yon vòt DLT ki sanksyone yon manm DLT pou yon vyolasyon nan règleman entèn DLT yo. Yo dwe soumèt apèl la alekri devan FACE pa pita pase 5 jou kalandriye apre vòt DLT a epi yo dwe deklare non moun ki fè plent la epi mete ladan nimewo Telefòn li oswa adrès imèl kote yo ka kontakte li. Apèl la dwe bay evidans te gen yon vyolasyon materyèl ak presi règleman sa a oswa règleman entèn DLT a.

FACE pral bay yon desizyon alekri, pa pita pase 10 jou kalandriye apre l te resevwa apèl la. FACE ka mande asistans bò kote gwoup konstitiyan apwopriye yo nan envestige apèl la oswa pran yon desizyon. Desizyon FACE la final epi ou pa ka ale ann apèl pou li. Tout desizyon yo ap disponib pou piblik la si yo mande l. Lè sa apwopriye, yo pral efase enfòmasyon ki ka idantifye pèsònèlman moun sou desizyon ki pibliye yo.

III. Plan santral pou planifikasyon ak prizdesizyon nan lekòl

Plan santral pou planifikasyon ak prizdesizyon an komen nan lekòl la gen ladan l plan endividyèl distri yo DLT yo adopte a dapre seksyon 100.11 ki nan Règleman komisè edikasyon an avèk tou prosedi ki di nan règleman sa a. Biwo pou amelyorasyon lekòl responsab pou konseve kopi plan chak distri ak konpile yo nan plan santral la. Komite vil la ki apwouve plan santral pou planifikasyon ak prizdesizyon an komen nan lekòl la pral mete yon reprezantan UFT klas 12yèm ane, yon reprezantan CSA klas 12yèm ane, yon reprezantan DC 37 klas 12yèm ane ak reprezantan chanselye a deziyen yo.

IV. KONSÈY JENERAL POU SLT AK DLT

Yo dekri konsèy ak sipò pou SLT yo nan seksyon I.K. Yo dekri konsèy ak sipò pou DLT yo nan seksyon II.G Gade seksyon sa yo avan yo mande asistans bò kote biwo santral yo jan sa di pi ba a.

FACE oswa biwo reprezantan li a, pral reponn tout apèl yo fè konsènan plent ak konplent ki soti nan SLT ak DLT yo jan sa nesesè.

Divizyon premye Chanselye adjwen an oswa biwo reprezantan l, pral bay konsèy ak asistans teknik sou devlopman ak revizyon Plan edikasyon global lekòl ak distri yo, Plan distri 100.11 yo, egzijans pwogramasyon Tit I yo ak pwosesis amelyorasyon ki pou fèt nan lekòl ak distri yo egzije onivo federal ak eta a.

FACE nan kolaborasyon avèk lòt biwo santral yo pral bay konsèy pou konplete règleman sa a.

Tout lòt kesyon ou genyen konsènan règleman sa a, voye yo bay: FACE. Yo ta dwe poze kowòdonatè paran yo tout kesyon ki vize SLT yo epi yo ta dwe poze kowòdonatè lidèchip fanmi yo tout kesyon ki vize DLT yo.

V. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Biwo pou Ranfòsman Kapasite Fanmi ak Kominote
N.Y.C. Department of Education
52 Chambers Street - Room 405
New York, NY 10007
Telefòn: 212-374-4118
Imèl: FACE@schools.nyc.gov